

# Konje Maladi ki Peye pou Fanmi nan Massachusetts (Massachusetts Paid Family Medical Leave, PFML)

---

Konje Maladi ki Peye pou Fanmi (Paid Family Medical Leave, PFML) se yon avantaj Eta a bay tout moun k ap travay nan Massachusetts epi ki elijib pou pran konje k ap peye pou rezon medikal oswa familyal. PFML lan diferan ak ni avantaj ki obligatwa nan nivo federal yo Lalwa bay sou Konje pou Fanmi ak Konje Maladi (Family Medical Leave Act, FMLA) epi avantaj konje medikal konpayi ou ye an kapab ba ou.

Genyen plizyè kalite konje peye ki disponib, tankou:

- **Konje Maladi** jiska 20 semèn paske ou gen yon maladi grav oswa blesi yon pwofesyonèl swen sante sètifye
  - Kòmanse 1/1/2021
- **Konje Familyal** jiska 12 semèn pou ede yon manm fanmi, tankou yon timoun, ki gen bezwen èd ou aprè yon maladi grav oswa blesi yon pwofesyonèl swen sante sètifye
  - Kòmanse 7/1/2021
- **Konje Matènite** jiska 12 semèn pandan 12 premye mwa nesans yon timoun, adopsyon oswa plasman nan fwaye akèy
  - Kòmanse 1/1/2021

Ni anplwaye k ap aplike pou konje a ansanm ak pwofesyonèl swen sante an toude dwe konplete yon pati nan fòm Sètifika Eta Sante grav pou benefisye yon Konje Maladi oswa Konje Familyal. Fòm sa a disponib sou:

<https://www.mass.gov/doc/certification-of-your-family-members-serious-health-condition-form/download>

## Montan Avantaj la

Si yo jije ou elijib, montan avantaj w ap benefisye an se selon salè ou konn touche chak semèn lan nan moman w ap mande konje an. Apati janvyè 2021, montan total maksimòm ou benefisye nan avantaj PFML yo se \$850 chak semèn.

## Ou gen Kesyon?

Rele Depatman Konje Familyal ak Konje Maladi an: 833-344-7365 apati 8:00 a.m. pou rive 5:00 p.m., lendi rive vandredi oswa vizite sitwèb yo an

<https://www.mass.gov/guides/what-is-paid-family-and-medical-leave>

## Kontakte Nou

**Pou jwenn èd konsènan swen pasyan yo, tanpri rele nan nimewo telefòn sa yo:**

- Klinik Jimmy Fund (617) 632-3270  
Orè Fonksyonman 8 am rive 5 pm, lendi rive vandredi
- Operatè ki Responsab Piblikasyon an (617) 632-3352  
Èdtan yo fèmen: aprè 5 p.m, jou ferye, ak wikenn  
Piblikasyon pedyatri ematoloji/onkoloji sou demann
- Nan Ka ki gen Menas Lanmò, konpoze 911